









Gid Pasyan nan telemedicine

1. Yon manm ekip CHC pral voye yon mesaj tèks ba ou oswa voye yon imèl ba ou avèk yon lyen ble sou sit wèb doxy.me a.
2. Klike sou lyen ble a pou louvri paj Byenvini an.
3. Sou paj Byenvini an, ou bezwen fè de bagay sa yo:
 - a) Ekri non w ak tit ou pou Founisè a konnen kiyès ou ye.
 - b) Klike sou bouton Anrejistre a.
4. Nan pwochen fenèt la, pou w ka wè Founisè ou a e pou li ka wè ou tou, klike sou bouton ble ki aktive kamera a.
5. Pwochen fenèt la pral mande otorizasyon pou gen aksè a Mikwo e Kamera a. Se yon etap ki obligatwa pou kontinye ak vizit la. Klike sou Pèmèt.
6. Bouton Aktive Kamera a pral chanje Anrejistre kounye a ...
7. Nan pwochen fenèt la ou pral wè tèt ou epi ou kapab li fòm konsantman an. Ou dwe li fòm konsantman an anvan Founisè a kòmanse ak vizit ou a. Chwazi lang ke ou pito.






Gid Pasyan an pou I itilize Doxy.me lè I sèvi avèk aparèy android:

Aparèy Android:

- Ou dwe itilize Google Chrome pou gen aksè a sit Doxy.me a.
- Si ou wè yon mesaj ki di "kamera ou oswa mikwofòn ou bloke" swiv Etap 1.
- Si ou bezwen reynisyalize otorizasyon Chrome yo, swiv Etap 2.



Etap # 1 Reyaktive yon kamera oswa yon mikro ki bloke lè I sèvi avèk Aparèy Android (Chrome).

1. Ale nan Reglaj sou aparèy ou an.
2. Louvri Reglaj.
3. Louvri Konfidansyalite.
4. Seleksyone Efase done navigasyon yo epi redemare Chrome.
5. Retounen sou paj Byenvini an, epi klike Pèmèt pou aktive kamera a ak mikwofòn nan.

Etap # 2 Reyinisyalize otorizasyon Chrome:

1. Ale nan Reglaj sou aparèy ou an
2. Louvri Reglaj.
3. Ale nan Apps & Otorizasyon App.
4. Chwazi Chrome nan lis apps ki enstale yo.
5. Ouvè Otorizasyon e asire w ke kamera ou ak mikro ou aktive.

Si etap sa yo ki endike pi wo a pa mache, tanpri eseye etap adisyonèl sa yo:


- 1. Reyinisyalize Otorizasyon sou aparèy ou an.**
- 2. Ale sou www.doxy.me.com pou plis èd.**
- 3. Kontakte founisè telefòn selilè ou a.**



Gid Pasyan an pou I itilize Doxy.me si lè l sèvi ak iPhone oswa yon aparèy iOS:

iPhone oswa aparèy iOS:

- Ou dwe itilize Safari pou gen aksè sou sit Doxy.me a.
- Si ou wè yon mesaj ki di "kamera ou oswa mikwofòn ou bloke" swiv Etap 1.
- Si ou bezwen reynisyalize otorizasyon Safari yo, swiv Etap 2.



Etap # 1 Reyinisyalize yon kamera oswa yon mikwo ki bloke lè w ap itilize iPhone oswa aparèy iOS (Safari):

1. Premye kontwòl pou wè:
 - Ke ou pa nan mòd Prive nan Safari 11+.
 - 1. Ke iPad ou a pa gen fonksyon Zoom nan ki aktive sou li.
2. Si ou pa kapab wè tèt ou pandan videyo a, swiv etap sa yo:
 - Redemare aplikasyon navigatè Safari.
 - Asire w ke kamera a fonksyone avèk Face Time.
 - Asire w ke kamera a pwòp / san tach.

Etap # 2 Reyinisyalize otorizasyon Safari yo:

1. Sou iOS 13 e plis, swiv etap sa yo:
 - Ale nan Reglaj sou aparèy ou an.
 - Desann epi louvri paj Safari a.
 - Asire w ke Kamera w ak Mikwo ou a aktive.
 - Asire w ke Opsyon Mande Sit Desktop la etenn.

Si etap sa yo ki endike pi wo a pa mache, tanpri eseye etap adisyonèl sa yo:

1. Reyinisyalize Otorizasyon sou aparèy ou an.
2. Ale sou www.doxy.me.com pou plis èd.
3. Kontakte founisè telefòn selilè ou a.